

ABANA BARI MU NGORANE HIRYA NO HINO MW'ISI**ABANA BO MW'IBARABARA**

Benshi muri twebwwe tumenyereye umutekano wo mu muryango no mu ngo. Biragoye cane ko dushobora kwiyumvira ukubaho kugoye kw'abana bari bo nyene, baba mu mabarabara y'ibisagara ata saganirizo na rimwe.

NI BANGAHE KANDI BARI HEHE?

Ibiharuro bivuga igitigiri c'abana bo mw'ibarabara gishasha ntivyoroshe kuronka. Ahanini ibiharuro vyitwa ko ari ivya vuba bishobora kuboneka ni ibiharuro vyo mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU vyerekana ko boba bashika imiriyoni 192 z'abana bo mw'ibarabara kw'isi yose, muri abo imiriyoni 20 bakaba baba igihe cose mw'ibarabara. N'ubwo biri uko, bivuye ku ngwano, ingorane za politike, ingorane zitewe n'isi nk'imyuzure, nyamugigima, n'ibindi, SIDA n'ibindi biza, ubutunzi bwifashe nabi n'imiryango igoyagoya, igitigiri c'abana bo mw'ibarabara kiguma ciyongera mu bice vyinshi vy'isi.

Nk'akarorero muri Mongoliya haraheze imyaka icumi abana batagira aho baba ntibari bazwi igitigiri ariko uyu munsu bashika n'imiburiburi 3.000 bari mw'ibarabara

Mu Buhindi honyene bashika imiriyoni 18 z'abana bo mw'ibarabara, imiriyoni 12 muri Bresil, imiriyoni 10 muri Afrika, imiriyoni 1,9 mu gisagara ca Mexico. Iburaya hari 4.000 m'Ububirigi, 10.000 m'Ubufaransa, 7.000 muri Hollande, 156.000 mu Bwongereza. Ikinyamakuru New York Times co ku wa 5 Ruhuhuma 1990 kivuga ko hari 500.000 muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika muri ico gihe. (Ibiharuro vyavuye kuri "Offering Healing and Hope for Children in Crisis" by WEC Int'l). Muri Mongoliya, haharurwa abana bo mw'ibarabara bashika ku 3.000 bikika ku mpande zose z'imigende itwara amazi ashushe iri mu kuzimu mu binogo vyagenewe umwanda kugira birinde igikonyozi.

NI IYIHE MIGWI?

Kuronka igitigiri c'ukuri c'abana bo mw'ibarabara biragoye cane ndetse biranagora n'ahantu bigeragejwe kuronderwa. Igituma ni uko, abana bo mw'ibarabara binyegeza ahantu atamuntu yokwiyumvira kuronderera- musu y'amameza adandarizwamwo mw'isoko, mu binogo vyagenewe imyanda, mu tuyira, kandi aho hose baguma bimuka.

Bashobora kutavugisha ukuri, kandi bakunze kenshi gukoresha amatazirano, ivyo bigatuma ukugerageza kwose kubandika kugora.

Hongeweko kuri uku kugora, hari imigwi myinshi y'abana bo mw'ibarabara.

Phyllis Kilbourne na Andy Sexton ba WEC International baragerageza gushira mu migwi abana bo mw'ibarabara bakoresheje utujambo tumwe tumwe. Nkuko iyo migwi yabo ivyerekan, abana bo KW'ibarabara bakorera ku mabarabara canke bakamara umwanya munini cane kw'ibarabara, kubw'ivyo rero bahura n'ibitari bike bijanye n'ubuzima bwo mw'ibarabara. Ariko abo bana barabonana kenshi n'imiryango yabo mbere baranashobora no kuja kw'ishuri.

Hari abana benshi cane bo kw'ibarabara mu bisagara binini vyinshi, cane cane mu bihugu bikenye.

Abana B'amabarabara, ku rundi ruhande, ntibafise imigendereranire ikwiye n'imiryango yabo. Ntibajya kw'ishuri kandi bagenda gake cane kuraba imiryango yabo. Baratawe canke barahunze, bakagerageza kwibeshaho atawubafashije. Ni vyo, abo bana ni bake ku gitigiri ariko n'ubwo biri uko ni benshi cane.

Ubwanyuma, abana bo MW'ibarabara ntibigera babonana n'imiryango yabo.

Amabarabara nizo ngo zabo, kandi baronderera ivyo bakenera vyose aho nyene.

Ntakazi bafise kandi kenshi baba mu migwi, bakihereza ibiyobezabwenge kandi bakajya muvy'ubugizi bwa nabi. Nkuko mushobora kubibona, hariho

ukwonekara kw'ubuzima kugenda kurabandanya uko umwana amara

umwanya munini mw'ibarabara kandi agenda arajya kure y'imigendereranire

n'umuryango. Mu gihe hari abantu babona ko utwo tujambo KW', B', MW'

tuzazanira abantu kandi tugoye kwibuka, ubwo budasa ni ubwa nkenyerwa cane,

kandi ibibazo nk'ivyo ni vyo bituma haba ubudasa bunini mu biharuro vy'abana bo mw'ibarabara bitangwa n'imigwi itandukanye. Ukwo kuzazana ku majambo

akoreshwa yagiye kwibonekeza neza na neza kuri jewe igihe igisata

c'ivugabutumwa ryacu ryatanguye kubona ko ryofasha abana bo mw'ibarabara

b'i Accra, muri Ghana. Mu kurondera ivya nkenyerwa, naragerageje kugendera

ibikorwa vyari vyaramaze gutangura kugira ngo ndabe ibimaze gutangura

gukorwa. Umugwi umwe wari warimenyekanishije ku rubuga rwabo rwo ku

ngurukanabumenyi ngo ibikorwa ku 'bana bo mw'ibarabara', ariko igihe nagiye

kugendera ibikorwa vyabo, nasanze ahubwo ari ibikorwa bijanye no kurinda,

bifise intumbero yo kurinda urwaruka rwo mu gisagara kuja mu mabarabara—

igikorwa c'akamaro cane, ariko atari ico nari niteze.

KUBERA IKI BARI AHO HANTU?

Abana bari mw'ibarabara bivuye ku bituma bitandukanye. Benshi baratawe, babitewe canke bahunze kubera ingorane zijanye n'ubushobozi buke bw'imiryango yabo idashobora guhangana n'ubukene.

Igitigiri kitari gito mu bihugu vyo muri Afrika bimwe bimwe ni ic'abahunze canke abatujijwe mu ngo zabo mu nyuma yaho bagirijwe uburozi n'abavyeyi bavyiketse. Mu ngorane z'ubukene butagira izina, ikintu gisa nk'ikigoye cose gica ciyumvirwa ko ari ingaruka y'igikorwa c'ubupfumu.

Nivyo, hariho kandi ibikorwa vy'umwijima vyinshi cane kandi vy'ukuri mu bisagara, ariko abana kenshi bagirizwa barenganijwe. Abana bamwe bamwe bo mw'ibarabara ni impfuvyi za SIDA, marariya n'ibindi biza bisasika inganda. Abandi babaye impfuvyi z'ingwano n'izindi ngorane za politike. Abandi ni impunzi hamwe n'abana bakoreshejwe mu gisirikare batashe bavuye aho bagwanira.

INGORANE BAHURA NAZO

Abana bo mw'ibarabara bahura n'ibibazo hamwe n'ibitsitaza bitari bike, ica mbere n'ukugerageza kwibeshaho ngo bikunde baramuke. Ubuzima bw'ivyaha hamwe no kwigenza nabi nko gukora ibibi bihanwa hamwe no kudandaza umubiri kuri bo izo ni inzira zo gushobora kwibeshaho gusa. Abana bo mw'ibarabara barambuwe ubuntu bwose n'agaciro. Mbere, ni abantu bake cane babavugisha kiretse iyo bariko barababwira ngo babaterurire imizigo. Bacika abantu batimvye kandi batizerwa. Hari ibinezereza bike cane mw'ibarabara, kubw'ivyo, ubusambanyi n'ibiboreza bicika ahantu h'akaruhuko muri iyo si yabo y'umubabaro. Ntibagira uburongozi bw'abavyeyi canke ubundi mu buzima bwabo. Abana bo mw'ibarabara barambwiye yuko batakirwa mu mashengero niyo mbere baba bipfuye kujayo.

IVYANDITSWE BIJANYE

Ivyanditswe birerekana neza ko Imana yitwararika abana kandi ko yitwararika aboro. Ivyo ubishize hamwe asanga ko Imana yitwararika cane umwana wese wo mw'ibarabara, nkuko nyene Imana yari iri mu gihe Yereimiya yandika ngo, "Va hasi uboroge mw'ijoro...Usuke umutima wawe nk'amazi imbere y'Umwami Imana: Tega ibiganza umusabire ubugingo bg'abana bawe, Barambitswe n'inzara mu mayirabiri yose" (Gucura Intimba 2:19)

NI IBIKI ABAKRISTO BARIKO BARAKORA

Amashami y'ivugabutumwa atari make ariko ararondera gushikira abana bo mw'ibarabara, amwe amwe ndetse ariko arashika ku bintu bihambaye hamwe nabo. Ishami ry'ivugabutumwa ryacu, Ibikorwa kwa Buri Mwana (Every Child Ministries), ryatanguye rishira hamwe gusa nk'ibisanzwe abana bo mw'ibarabara ku minsi ya mungu ku muhingo mu kibanza abana basanzwe basengeramwo. Vuba, igikorwa kimeze nk'umugwi cari gitanguye. Mu nyuma, twari dushobora gufasha abana mu buryo butandukanye harimwo mbere no kububakira aho baba, Ubuhungiro bw'Ivyizigiro, kuri abo bakenye cane kandi babajwe cane gusumba abandi. Muri Republika iharanira Demokarasi ya Congo, igikorwa c'abana bo mw'ibarabara caratanguje ugufashanya n'amwe mu mashengero akorerayo. Ntibafasha gusa abana bo mw'ibarabara mu kubaronsa ivyo bakeneye ariko barongerako bakareka abana babo bagakina agapira k'amaguru n'abana bo mw'ibarabara.

Uko gukorera hamwe n'abana "basanzwe" birafasha abana bo mw'ibarabara bari inyakamwe mu gutera intambwe nini mu kwiyumva ko nabo bafise agaciro n'ivyizigiro.

Imigambi yo kwigisha ivy'ubuzi hamwe no kuja mu migwi birashobora kuba ngirakamaro mu gufasha abana bashobora kuja mw'ibarabara hamwe n'abana basanzwe bakorera mw'ibarabara.

Abana baba mw'ibarabara bafashwa gusumba n'ibigo vyakira abana bo mw'ibarabara, ubwugamo bw'ijoro canke rimwe na rimwe, imigambi yo kwakira no kurera abana mu miryango, aho abana baba, hamwe no kubafasha mu vy'amashuri n'inyigisho z'imyuga. Birumvikana ko Ubutumwa bwiza hamwe n'ingingo ngenderwako z'ivyanditswe mu buzima bitegerezwa kwubakirwako muri icyo migambi yose. Bisaba ugutabarwa n'imana hamwe n'ububasha bwayo badasiba kugira haboneke ubudasa mu buzima bw'umwana wo mw'ibarabara.

INGORANE ZIRI MU GUFASHA ABANA

Abana babaye mw'ibarabara umwanya munini ntiboroshe gufasha. Usanga kenshi batizigira abantu kandi baba barize inyifato zibasambura kandi zihushanye n'inyifato nziza z'igikristo. Bmwese usanga baratwawe n'ibiyobezabwenge bitandukanye, inyifato z'ubusambanyi, eka mbere n'umwdegemvyo ubuzima bwo mw'ibarabara butanga. Bmwese barahakana ivyo babona nkuko umuntu ariko aragerageza kubabwira icyo bakwiye gukora. Ububeshi ni uburyo bwo kubaho mw'ibarabara, kandi abakorera mw'ibarabara barashobora guhura n'abanyakinyoma hamwe n'inkuru zitari iz'ukuri.

Abavyeyi batagira aho baba kenshi baratega abana babo kwambara imishambara no gusega ku mabarabara, kuko baba bazi ko abantu bazogira akagongwe. Bamwe ndetse baranka infashanyo zo gushira abo bana mu masomero bakanagurisha mbere impuzu zahawe abo bana, bakabandanya babeshwaho n'amafaranga yahawe uwo mwana asega.

Abana bo mw'ibarabara bafata kudandaza umubiri nk'ikintu ca nkenerwa kugira ngo bashobore kwibeshaho. Abana bo mw'ibarabara ntibamenyera imibereho myiza ijanye n'akazi mbere baranashobora guhunga akazi iyo bakaronkejwe. Birasaba umwanya n'ukwitanga kugira hashobore kwubakwa imigendereranire myiza n'abana bo mw'ibarabara. Nta muntu numwe akorana n'abana bo mw'ibarabara ashobora kubaronka bose, eka ndetse birasaba ugushishikara n'ubuntu kagira ushobore kuronka n'imitima ya bamwe.

ICO USHOBORA GUKORA

Gutwara Ubutumwa Bwiza bw'ivyizigiro k'ubana bo mw'ibarabara ni igikorwa kirekire, kigoye kandi kizimvye, ariko abana barabikwiye. Ubuzima bwabo burashobora guhindikishwa bugacika imidari y'ubuntu bw'Imana. Jewe ku giti canje ndazi abana benshi bashoboye gutabarwa barava mu mabarabara hanyuma barabandanya bacika abizera bakomeye. Imana ishize abana bo mw'ibarabara ku mutima wawe, urabisengera hanyuma uhitamo ishami hamwe/canke igihugu wofasha. Urasengera abakozi hamwe n'abana kanaka. Urasengera habe ubwenge mu gutanguza no mu kwiga imigambi. Uze urabaza aho ibintu bigeze kugira ugire amasengesho ajanye n'ibihe. Urungike ivyo ushoboye kugira bibashe gufasha. Ingabire yawe izotera intege abakozi mbere itume igikorwa kirama.

Nimba uba mu gisagara, gerageza kuraba nimba hariho abana bo mw'ibarabara muri ako gace ubayemwo kugira ngo ishengero ryawe rishobore kubafasha. Mugendere mu migwi, ntugende uri wenyene. Muricungera bikwiye hanyuma muronderere mu masaha yiteye aho abandi baba bari mu mihana yabo baryamye. Mushobora guhera ku bituro vya bisi na gari ya moshi. Inyigisho nziza cane ku bikorwa bene ivyo irashobora kuronswa uciye kuri Crisis Care Training International. Abana barakeneye ubushuhe, urukundo hamwe n'umutekano. Ivyo vya nkenerwa bitangwa n'Imana ntabiriho mw'ibarabara. Bamwe mu bana bo mw'ibarabara bagendana ikiza c'umugera wa SIDA. Mu mwaka w'2005 Aishetu yaritavye Imana ahitanywe n'ikiza ca SIDA. Yari umukobwa wo mw'ibarabara twakoranye mu kiringo c'imyaka itari mike. Urupfu rwiwe rwaratubabaje, ariko ikintu tuzi ni uko : Imbere yuko ashengera,

Aishetu yari yaje kwa Yesu. Yashengeye mu mutekano ntangere mu biganza vy'Imana, ivyo bishobora kuba bitari kumera uko iyo abantu b'Imana batamushikira.

Urashobora kuba igikoresho c'urukundo rw'Imana ku bana bari mw'ibarabara. Nivyo baragoye, ariko ntibagoye gose gushika aho urukundo rwa Yesu rutashobora kubashikira. Abana bo mw'ibarabara hirya no hino kw'isi barakeneye imfashanyo yawe!

AMASHIRAHAMWE AMWE AMWE MWOSHOBORA KURONDERA

Crisis Care Training International,

2742 Woodridge Drive, Fort Mill, SC 29715 email: crisiscare@comporium.net.

Every Child Ministries, Agasandugu k'amakete 810 Hebron, IN 46341

www.ecmafrica.org

Iris Ministries, Agasandugu k'amakete 493995, Redding, CA 96049-3993

www.irismin.org

Oasis Trust, The Oasis Centre, 115 Southwark Bridge Rd., London, SE1 OAX,

www.oasistrust.org

Rainbows of Hope, a ministry of WEC International, Agasandugu

k'amakete 1707, Fort Washington, PA 10034 www.wec-int.org/rainbows.

Aho twabikuye:

“Children Huddled in Crevices

CHRISTIANITY TODAY, January 2005, p.54-58.

Offering Healing and Hope for Children in Crisis, A Crisis Care Curriculum,

Module 2: Street Children, Andy Sexton and Phyllis Kilbourne, WEC

International, Fort Washington, PA, 2006, pp. 21-26.

Personal notes taken by Lorella Rouster from the above training by Andy

Sexton, May 2006.

ABANA BARI MU NGORANE

Abana bagirwa Abaja

Imyaka ijana na mirongo itanu irahaze abagwanya ivy'ubuja baragwanye kugira ngo barandurane n'imizi ubuja. Munyuma yo gutsinda urwo rugamba rurerure kandi rubi, biraca intege kubona ukubandanya ndetse ukugwira kw'ubuja bwa kino gihe bufise ubwoko bwinshi kandi bukunze gukoreshwamwo abana

NI UBUHE BWOKO BW'UBUJA BURIHO MURI KINO GIHE?

Hariho ubwoko bune ahanini bw'ubuja muri kino gihe: Ubuja bujanye n'ivy guhuza ibitsina burimwo kudandaza umubiri hamwe no gukoreshwa mu vy'amasanamu y'ubushurashuzi, ubuja mu bijanye n'ibikorwa, Ubuja bwo gukoreshwa ahantu hakorerwa ibikorwa vyo guhimbaza ibigirwamana, no gukoresha abana mu vya gisirikare.

MBEGA ABANA BACIKA ABAJE GUTE?

Abana bacika abaja mu buryo butandukanye. Benshi bafatwa mpiri n'abantu basanzwe bakora igikorwa co kudandaza abana, babagurisha ku masoko abaha amafaranga. Abandi bahunga imihana yabo hanyuma bagera mw'ibarabara bakagwa mu minwe y'abantu badandaza abana.

Abandi badandazwa n'abavyeyi canke incuti ku mpavu z'amafaranga, kenshi usanga bifatiye ku bintu binini gose vy'ibinyoma basezeraniwe. Abandi bagatangwa n'abavyeyi canke incuti nk'ibimazi bizima ku meza y'ibigirwamana canke abaherezi kugira ngo bikunde bahagarike ishavu ry'ibigirwamana ku makosa yakozwe n'abagize umuryango.

MBEGA HOBA HARI ABAJA BANGAHE UYU MUNSI?

Ntibikunda ko hatangwa igitigiri gitomoye neza c'abana bakoreshwa nk'abaja uyu munsi, ariko si agaseseshwarumuri yuko ari benshi cane – bararenga igitigiri umuntu asanzwe yoshobora no kwiyumvira.

KUBERA IKI UBUJA BUKIBONEKA UYU MUNSI?

Igituma kimwe abakoresha ubuja mu vyo guhuza ibitsina baguma batera imbere ni kuko hariho isoko rinini gose ry'ibikoresho vyo guhuza ibitsina nk'amasanamu y'ubusambanyi no kudandaza imibiri. Igihe cose abantu bazokwunguka amamiriyari mu kudandaza ibikoresho vyo guhuza ibitsina, abakobwa bagwa mu mporero hamwe n'abana bazobandanya bagwa mu minwe y'abo badandaza abana.

Ubukene buteye ubwoba n'ingorane bijana ni ikindi gituma gisigura ubuja bw'abana.

Iyo abavyeyi badashobora kugaburira no kwambika abana babo ku rugezo rw'urufatiro, baca bacika aboroshe kubeshwa n'abacuruza b'abana babemerera ibitagenda. Abana bashobora guca bahunga, abavyeyi nabo bashobora guca babadandaza ku bacuruza baje vuba babemerera ubuzima bushasha kandi bwiza. Bino bintu vy'ubupfu birikumwe, ndetse bikunze no kuboneka muri ino si yacu ya kino gihe, bituma abavyeyi badandaza abana b'abakobwa babo mu bumaraya

canke ku bicaniro vy'ibigirwamana aho bazi badakekeranya ko bazokwama bakorerwa ivya mfurambi n'abaherezi. Bituma amaleta, abatwaza umukazo, ibisirikare hamwe n'abatwara abagwanyi batora abana bakoreshwa mu vya gisirikare hanyuma bakabigisha gukora amahano atagira izina azotuma atera agashitsi abo bana ibihe vyose, ivyo vyose kugira ngo bikunde bishike ku ntumbero zabo. Ivyo bituma abayobora mu vy'ibicaniro vy'ibigirwamana, abadandaza amasanamu y'ivyo guhuza ibitsina n'abadandaza imibiri gukora kumwe mu gukoresha abana kugira ngo bishikire ku vyipfuzo vyabo bipfuye batarinze kuraba ibibi abo bana bakoreshwa bahura.

Muri aho hantu hose, abana bafatwa nk'ibikoresho vyo kwinezeroza no gutanga inyungu hanyuma bagatabwa nk'akaboze. Abana b'agaciro bacika udukinisho mu biganza vy'abantu hamwe n'imikino ya politike, hamwe no mu madini akora ibitandukanye na bibiriya. Mu gihe isi iriko igenda yitandukanya n'ugutahura kw'ubuntu n'agaciro k'umuntu vya bibiriya kuko abantu baremwe mw'ishusho y'Imana, ubu turahaye tubona bimwe mu vyamwa vy'ubwenge bwacu butagira Imana.

Ibindi bituma bisigura ugushira abana mu buja ni ibijanye n'impwemu, vyubakiye ku bwoba bw'ibigirwamana n'inyishu z'ugusenga atari kwo, ibikorwa (bibujijwe muri _____ hamwe n'ahandi muri Bibiriya) aho abantu bahamagara impwemu ngo zibafashe kandi zibahe ubwenge.

IMWE MU MIRONGO YA BIBILIYA IBIVUGAKO

Kimwe mu bikorwa vya Mesiya nkuko Yesaya 61:1 havuga ni “kumenyesha abarindwa ko barekuwe, n'imbohe ko zugururiwe.” Kuko igikorwa ciwe cabaye rwacu, bisigura ko ico ari kimwe mu bikorwa vyacu natwe. Ariko ntityobewe ko ubwoko bw'ubuja bubi gusumba ari ubuja ku caha no kuri Satani, ariko burya ubwo bwoko bwose bw'ubuja bwo ku mubiri si ivyerekana ubuja bwo ku caha na Satani? Mbere turanahamagariwe kugira nkuko “Teranura akanwa uvugire utazi kuvuga, buranira bese abatagira shinge na rugero. Teranura akanwa uce izibereye, ucire imanza impahazwa n'umugorwa” (Imigani 31: 8-9) Hariho iyindi mirongo izwi imeze nk'iyi, abakristo bakunze kuja imbere mu bijanye no kugwanira abana bashizwe mu buja. Ni ibintu bisanzwe cane ku bizera kwumva ko bafise uruhara ruhambaye, kuko turatahura ko Imana ibakunda kandi ko ibitayeho. Turazi ko Imana yadutegetse kwereka urukundo abandi. Dutahura ko umuntu wese afise iteka n'agaciro kanini imbere y'Imana kuko yaremwe ari umuntu. Iyo mu mitima yacu huzuye urukundo rwa Yesu, bicika ibisanzwe ko dushikira benewacu tukabafasha.

Kandi abakristo kenshi baba abashize ubwoba mu kwinjira ahantu hateye ubwoba kuko twama twiteze ko Imana iza kuducungera kandi ko ishigikira ibikorwa vyacu.

MBEGA NI IBIKI ABAKRISTO BARIKO BARAKORA MU GUFASHA?

Abakristo bamwe bamwe barifatanya n'amashirahamwe atari ay'abakristo nk'imigwi igwanya icuruzwa ry'abana hamwe n'ugushira abana mu buja. Aho barashobora gukora ibikorwa vyiza ndeste bakanafasha gutumbereza mu nzira nziza ayo mashirahamwe. Bene iyo migwi irafasha mu buryo buboneka cane mu gutohoza inzira zicamwo abana bagurishijwe, mu kwigisha abakora ku mipaka y'ibihugu kugira ngo bashobore kumenya ibimenyetso vyerekana igurishwa ry'abana, hamwe na rimwe rimwe kubatabara no kubasubiza iyo bava.

Amashirahamwe y'ivuga butumwa afasha abana bo mw'ibarabara nayo arafasha kuko ahura n'abahunze hamwe n'bandi bari mu bibanza vyoroshe ko abagurisha abana bobasangamwo ata ntambamyi. Rimwe na rimwe ndetse baranashikira abana imbere yuko baja mu ngorane nyinshi gusumba.

Nk'akarorero, hamwe mu hantu ibikorwa bijanye n'abana bo mw'ibarabara vy'ishirahamwe Ibikorwa kuri Buri Mwana (ECM) rikoreramwo muri Ghana ni Isoko rya Agblobloshie, rizwi mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU nk'ikibanza ca mbere gikorerwamwo idandazwa ry'abana muri Afrika y'uburengerazuba. Abakozi ba ECM barashoboye gusubira gusubiza hamwe bamwe mu bana bo mw'ibarabara barara mw'isoko n'imiryango yabo.

Abandi bakristo bakora ibikorwa vyo gukingira mu kuronsa abana barokowe aho bakika umusaya canke mbere umuhana babamwo igihe cose. Mu mwaka w'2006, hari uruyoya rw'arokowe ahantu ku gituro c'imiduga y'unguruza abantu muri Accra, Ghana. Umuvyeyi nyina w'arwo yari yaragerageje akatari gake guta urwo ruhinja Muhammed. Abonye bimutaye k'uwamazi, aca aja mu vyo kugerageza kumwica. Felicia, umukozi wa ECM w'umunye Ghana niwe yashoboye kurokora Muhammed hanyuma aramushikana kuri Haven of Hope aho ariko aratera imbere neza.

Abandi bakristo bakora ibikorwa bitoroshe vyo gusanura imitima, mu kwumviriza no guhanura hamwe n'imigambi yo gusanasana imitima y'abana bahoze mu ngwano, abadandaza imibiri, n'abandi. Uburorero ni World Vision itanga uburaro ku bana bahoze bakoreshe mu ngwano hamwe na Action International ironsa uburaro abigeme batwawe ku nguvu ngo baje kuba "abagore" babayobora abandi mu gisirikare "LRA" ca Joseph Kony, afise

umugwi ugwanira muri Uganda. Ivyo ni ibikorwa bigoye kandi bisaba ubumenyi buhambaye bifasha abana babajwe cane n'ibibazo bikomeye kandi bimara igihe. Kuronsa imihana ku bana navyo birafasha kwubaka imitima yabo bakiriye. Akarorero, Haven of Hope ya ECM ifise intumbero yo kwubaka imitima y'abana batawe hamwe n'abagizwe abaja mu bikorwa vyo gusenga ibigirwamana muri Ghana.

Ibikorwa bijanye no kubohoza hamwe no gutabara birondera kubohoza abana bari mu bintu bibaca intege kandi bibababaza. Akarorera ni amashirahamwe International Needs na Every Child Ministries abohoza abana bagizwe abaja mu bicaniro vy'ibigirwamana. Ibikorwa bifasha abana bagizwe abaja bihura n'intambamyi zitari nke. Abana bafashwe ngo bakoreshe nk'abasirikare canke nk'abagore b'abasirikare muri Uganda bategekwa gukora ibibi bikomeye kugira ngo bikunde bemerwe. Aho rero baca babwirwa ko abantu batozosubira kubemera, batazopfa bahariwe. Imishaha yabo itewe ubwoba cane gose gusumba mbere abantu bategetswe guca imibiri mu bice.

Abigeme bagirwa abaja mu vyo gusenga ibigirwamana kenshi usanga bagwaye ivy'abadayimoni, ingorane zijanye n'ibitsina, hamwe no kwumva ko atagaciro bafise. Ugasanga bama bariko bahangana n'ishavu hamwe n'umururazi w'ubuzima. Kubafasha kuva muri ubwo buja mu buryo bufatika ni intambwe ya mbere gusa. Mbere kugira bicike ibigorana gusumba, imigwi igerageza gufasha abana iragwanywa biboneka n'imigwi isanzwe yemera ivyo gusenga ibigirwamana, imwe muriyo ndetse ikaba ikoresha inguvu za politike hamwe n'iz'umwiza. Rimwe na rimwe barahura n'amakuru y'ibinyoma akwiragizwa n'iyo migwi yipfuzaga kugumiza abana b'abigeme muri ubwo buja. Umuntu wese hamwe n'ishirahamwe ryose bari muri urwo rugamba barakeneye amasengesho yawe.

NI IGIKI WOKORA?

Urashobora gufasha mu masengesho, mu gutanga, mu kuvugira abana bakoreshe m'ubuza, no mu gukora ikintu cose ushoboye kugira ngo wemeze amategeko azokingira abana yongere agabanye ibikorwa vyonona nk'amasanamu y'ubushurashuzi no kudandaza umubiri.

Amasengesho niyo ntererano nyamukuru ushobora gufashisha. Impwemu zikomeye zirahari inyuma y'ivyo bikorwa hamwe n'ayo madini ashira abana m'ubuza ata nkeka. Ariko, Imana yacu ifise ububasha bukomere cane gusumba kure impwemu iyariyo yose. Reka rero tuyihamagare kugira ngo ize kudufasha muri icyo ngwano. Usengere kubwo umwihariko abantu hamwe

n'amashirahamwe ari muri urwo rugamba. Usengere abo bariko barondera gushira abana m'ubuja. Imana irashobora kubahagarika nka kumwe yabigira kuri Pawulo igihe yariko ahama abakristo.

Urashobora kwandika amakete usaba abaguserukira gukomeza amategeko abuza amasanamu y'ubushurashuzi no kudandaza umubiri. Wumvise umuntu yoba avyita ko ari "ibibi atamuntu bibaza", urashobora kumwibutsa abana bababajwe vyukuri.

Urashobora gutanga kugira ngo ushobore gufasha abari imbere kuri urwo rugamba rwo kugwanya abana bakoreshwa m'ubuja. Ingabire yawe uko ingana kwose izobatera intege kandi ibafashe kubandanya.

AMWE MU MASHIRAHAMWE WORONDERA

Action International,

Every Child Ministries, Agasandugu k'amakete 810, Hebron, IN 46341,

www.ecmafrica.org.

International Needs,

World Vision,